Sa Kap Pase ak Tibebe W La?

Devlopman Tibebe w la

HealthySteps®
SWEN PEDYATRI • SIPÒ • GID POU PARAN
Yon pwogram ZERO TO THREE

Vizit 24 Mwa

Timoun ki pi gran yo sèvi ak kapasite langaj yo ki ap devlope pou yo pataje panse ak santiman yo.

24–30 MWA: Sa Kap Pase?

Kisa Tibebe W La Ka Fè

Mwen itilize kò mwen pou m rive yon kote!

- Mwen ka monte eskalye yon pye alafwa e menm mache pa bak.
- Mwen ka kanpe sou yon pye, sa ki ede m grenpe.

Mwen itilize langaj pou m di ou sa mwen santi ak sa mwen panse.

- Mwen ka fè fraz ki pi long: "Manman jwe kamyon?"
- Mo mwen pi renmen yo ka se *non, mwen,* ak *pou mwen*.

Kisa Ou Ka Fè

Fè yon ti mache nan katye a. Kite pitit ou a kanpe epi gade sa ki enterese l.

Mande pitit ou a pou l pataje lide li avèk ou: "Ki pati nan liv la ou te renmen?"

Rekonèt santiman yo epi anseye l kapasite sosyal an menm tan: "Mwen konnen pousèt poupe a se jwèt ou pi renmen, men Thomas ta renmen pouse li tou."

Pandan wap itilize feyè HealthySteps yo, sonje pitit ou a ka devlope kapasite l pi vit oubyen pi dousman pase sa ki make nan feyè yo e atoutsa lap grandi trè byen. Chak timoun devlope nan pwòp vitès pa yo. Espesyalis HealthySteps ou a ap disponib pou reponn nenpòt kesyon ou genyen. Kwayans ak valè kiltirèl fanmi w se faktè enpòtan tou ki fasonnen devlopman pitit ou a.

© 2021 ZERO TO THREE. Property of the HealthySteps National Office. Adaptations, reproductions, revisions, excerpts, derivatives including but not limited to translations,and other exploitation of the materials are expressly forbidden without the prior written authorization of ZERO TO THREE.
HS_10-WU_HAT_24Month

Sa Kap Pase?

Kisa Tibebe W La Ka Fè

Mwen vin vrèman bon nan jwe fè sanblan.

- Mwen ri bagay estipid, tankou lide ke ti machin mwen an ka fè *mou* olye *bip bip.*
- Pafwa mwen pè. Mwen konnen kijan pou m itilize imajinasyon mwen, men mwen pa toujou konnen kijan pou m fè distenksyon ant sa ki reyèl ak sa ki imajinè.

Mwen vle fè zanmi, men mwen toujou bezwen èd pou m pataje.

- Mwen renmen obsève lòt timoun epi pafwa mwen kopye sa yo fè.
- Mwen ka gen youn oubyen de bon zanmi, men nou sitou jwe kòt a kòt, pa ansanm.

Kisa Ou Ka Fè

Itilize jwèt fè sanblan an pou ede pitit ou a fè fas ak sitiyasyon difisil. Ou ka jwe yon istwa ansanm sou rankont ak yon nouvo gadyèn timoun.

Reponn ak sansibilite fas ak laperèz pitit ou a. Sa ede bati konfyans ak sekirite.

Bay pitit ou a opòtinite pou l jwe ak timoun ki nan laj li regilyèman. Sa konstwi kapasite sosyal. Ede pitit ou a jere konfli ak tann tou pa li.

Fè l konnen ke ou konprann ke pataje se yon bagay difisil. Ede yo jwenn yon lòt jwèt pou jwe jiskaske se tou pa yo. Itilize yon revèy kwizin pou ede yo tann.

Lòt Bagay Pou w Konnen ak Eseye

Timoun piti yo pa twouble lè yo aprann de lang alafwa. Okòmansman, yo ka di mwens mo nan chak lang, men sa pa vle di yo gen yon reta nan langaj! Rechèch yo montre si ou adisyone mo timoun bileng yo konnen nan tou de lang yo, vokabilè yo nan menm nivo ak pa timoun ki pale yon sèl lang yo. Gen kèk paran ki ka enkyete tou paskeke timoun yo pral pèdi lang natif natal yo si yo tande yon lòt lang nan gadri yo. Rechèch yo montre toutotan paran yo kontinye pale lang natif natal yo regilyèman, konpetans timoun yo nan lang lakay yo kontinye devlope.[1]

Pandan vizit sa a, ekip pedyatrik la ap mezire longè, pwa ak sikonferans tèt pitit ou a. Yo pral koute batman kè pitit ou a epi egzamine je, zòrèy, nen ak bouch li. Pitit ou a pral pran tout vaksen ki nesesè yo. Nou pral pale sou devlopman ak abitid pitit ou a, tankou dòmi ak manje. Nou pral revize tou konsèy sekirite yo. Epi, byennantandi, nou pral pran tan pou diskite sou nenpòt kesyon oswa enkyetid ou ka genyen!

1. Pearson, B. Z., Fernandez, S. C., Lewedey, V., & Oller, D. K. (1997). The relation of impact factors to lexical learning by bilingual infants (ages 10–30 months) Applied Psycholinguistics, 18, 41–58. [Relasyon ant faktè enpak yo ak aprantisaj leksikal timoun piti ki bileng (laj 10-30 mwa) Sikolengwistik Aplike, 18, 41-58]

© 2021 ZERO TO THREE. Property of the HealthySteps National Office. Adaptations, reproductions, revisions, excerpts, derivatives including but not limited to translations,and other exploitation of the materials are expressly forbidden without the prior written authorization of ZERO TO THREE.